लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# येसु के जनम



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: M. Maillot

अनुकूलित: E. Frischbutter; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2016 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


बहुत समय पहिले, ईश्वर गाब्रिएल नाम के एगो दूत के मरियम नाम के सुन्दर, जवान आ कुँवारी यहूदी लड़की के पास भेजलन ।

उ दूत उनका से कहलन,
“तु एगो बच्चा के जनम
देबु आ उनकर नाम
येसु रखीह ।



उ सर्वोच्च इश्वर के फुत्र कहइहन । उ हमशा खातिर एह दुनिया पर राज करिहन ।”



“इ कइसे सम्भव होईद” आश्चर्यचकित लइकी पूछली । हम कवनो मरद के साथे नईखी रहल ।”



उ दूत कहलस कि उ लइका
ईश्वर के ओर से आई ।
ओह लइका के केहु
मानवीय बाप
ना होई ।



उ दूत मरियम
से कहलस कि
चचेरी बहन,
एलिजाबेथ के
भी बूंढापा में
बच्चा होखे
वाला बा ।



इ हो एगो चमत्कारे रहल । तुरन्त मरियम आपाना बहन एलिजाबेथ से मिले गईली । दूनो जानी मिल के ईश्वर के धन्यवाद दिहलीन जा ।



मरियम के
शादी खातिरए
जोसेफ नाम के
लड़िा के साथे
बरईछा भइल
रहे ।



जोसेफ, जब जनलन कि मरियम पेट से बाडी, उ बडा उदास भईलन । उ सोंचत रहलन कि ओह बच्चा के पिता कोइ और ह ।



सपना में, ईश्वर के दूत जोसेफ से कहलन कि ई बच्चा ईश्वर के बेटा हवन । जोसेफ के, ओह बच्चा येशु, के देख-भाल करे में मदद करे के रहे ।



जोसेफ ईश्वर पर विश्वास कईलन
आ उपकर आज्ञा
के पालन
कईलन ।



उ ओह देश के कानून के भी
पालन कईलन ।



नया नियम के चलते, उ आ मरियम
अपना गॉव बेथलेहम
चल दिहलन जा
ताकि उ लोग
आपन कर



जमा कर सकस लो ।


मरियम
आपन बच्चा
जनमे खातिर
तैयार रहली
बाकि एह ...


... काम खातिर
उ लोग के जगह
ना मिलल । सब
सराय लोग से
भरल रहे ।

अन्त में उनका के एगो गउशाला मिलल ।
ओहिजा, येशु के जनम
भईल ।



उनकर महतारी मरियम उनका के ओह चरनी में रख दिहली जहाँ जानवरन के सानी गोतात रहे ।



नजदीके में चरवाहा लोग, अपना भेंडन के रखवाली करत रहलन जा ।



ईश्वर के दूत उनका लोग के दिखलाई दिहलन आ इ खुश खबरी

उ लोगन के सुनवलन ।




“आज के दिन, दाउद के शहर में
मुक्तिदाता जनम लेले बाडन,
जे यीशु, तोहार
स्वामी हवन ।

तु लोग ओह बच्चा के चरनी
में सुतल पईब लो ।”




अचानक, ढेर सारा चमकीला दूत दिखलाई दिहलन जे ईश्वर के गुनगान करत ...


... रहे लोग आ कहत रहे लोग,
उनका लोगन क शुभकामना।”


“स्वर्ग में परमेश्वर की महिमा
आ पृथ्वी पर शान्ति, उनका
लोगन शुभकामना।”


चरवाहा लोग गौशाला के
ओर दौड पडलन जा । ओह
बच्चा के देखला के बाद, ...


... उ जेकरा से भी मिललन जा, यीशु के बारे में दूत जे कुछ भी कहले रहलन, इ बात सबका के बता दिहलन जा ।



चालीस दिन के बाद, जोसेफ आ मरियम येरुसलेम के मंदिर में यीशु के ले गईलन जा ।



ओहिजा सिमोन नाम के एगो आदमी, ओह बच्चा खातिर ईश्वर के गुनगान कईलन, आ अन्ना नाम के आदमी ईश्वर के धन्यवाद दिहलन ।





उ गुनो लोग
जानत रहलन कि
यीशु ईश्वर के
बेटा हवन, वादा
कईल
मुक्तिदाता
हवन ।

जोसेफ दुगो पंक्षी कबुतर के बलिदान चढवलन ।




ओहिजा मंदिर में इ नियम रहे कि जवन गरीब, ...


... बच्चा के मंदिर में चढावे आवत रहलन, उ ईश्वर के दुगो कबुतर चढावत रहलन ।


कुछ समय के बाद, एगो खास तारा पूर्व देश
के तीन मंजूषी लोग के जरुसलेम आवे खातिर प्रेरित कईलस ।


“कहाँ बाडन उ जेकर जनम, यहूदी के राजा के रुप में
भईल बा ए” उ लोग पूछलन । “हमनी के उनकर पूजा कइल चाहत बानी जा ।”

राजा हेरोद, तीनो
मंजूषी के बारे में
सुनलन । परेशान
होके उनकन लोग
से कहलन कि जब
तुं लोग उनका पा
जईह जा, तब
हमरो के
बतईह
जा ।



“हमहूँ उनका के पूजल चाहतानी” हेरोद कहलन। बाकि उ झूठ बोलत रहलन। उ त यीशु के मरवावल चाहत रहलन।



उ तारा तीनों मंजूषी लोग के एकदम ओहिजे ले गईल, जहाँ जोसेफ आ मरियम ओह नवजात के साथे रहत रहलन ।



उ यात्री लोग घुटना
टेक के यीशु के पूजा
कइलन आ सोना
लोहबान आ गंधरस
के भेंट
चढवलन ।



ईश्वर ओह तीनों ज्योतिषी लोग के चेतावनी दिहलन कि उ लोग चुपके से घर लौट जास लोग ।



हेरोद खुब
क्रोधित
भईलन ।




यीशु के मरवावे के
दृढ निश्चय के साथ,
उ दुष्ट व पापी राजा
बेतलेहम के सब नवतात
लईकन के मरवा
दिहलन ।


बाकि हेरोद ओह
इश्वर के फुत्र के
हानी ना पहुँचा
पवलन !

सपना में चेतावनी मिलल आ जोसेफ मीयम आ यीशु के लेके सुरक्षित स्थान मिस्र देश चल गईलन ।



जब हेरोद मर गईलन, तब जोसेफ मरियम आ



यीशु के ओहिजा से वापस ले अईलन ।

# येसु के जनम

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मत्ती १-२, लूकस १-२

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16